

Swen Pou yon Timoun ki gen COVID-19 nan Kay la

Si ou menm oswa pitit ou teste pozitif pou COVID-19 epi yo kapab swenyen lakay, tanpri revize gid sa a pou kenbe ou menm ak fanmi w an sekirite — ak pou ede evite maladi a gaye sou moun lakay ou ak nan kominote a.

Pou timoun ki gen COVID19

Enstriksyon pitit ou ta dwe swiv, avèk èd ou:

1. Rete lakay sòf pou ale chèche swen medikal.



2. Rele davans anvan ou ale kay doktè pitit ou a.



3. Separe pitit ou a de lòt moun kip a malad ak bèt nan kay ou. Sa gen ladan rete nan yon chanm byen spesyal epi lwen lòt moun ak sèvi avèk yon twalèt apa si gen disponib.



4. Montre pitit ou a mete yon mask figi (si genyen disponib) lè yo bò kote lòt moun.



5. Montre pitit ou a kouvri bouch yo ak nen yo ak yon mouchwa papye lè yo touse oswa estènye.



6. Anseye pitit ou a lave men yo avèk savon ak dlo (oswa yon dezenfektan abaz alkòl) souvan.




7. Pa kite pitit ou a pataje atik kay yo, tankou asyèt, vè, gode, kouvè, sèvyèt oswa atik kabann.



8. Netwaye tout sifas “anpil moun manyen” yo, tankou kontwa, anlè tab, manch pòt, akseswa nan twalèt yo, twalèt, telefòn, klavye, tablèt ak tab bò kabann yo. Sèvi ak yon espres pou netwayaj kay oswa ti sèvyèt netwayaj pou kay.



9. Pa kite pitit ou a ni prepare manje ni sèvi lòt moun manje.



Tanpri siveye pitit ou a pou nouvo sentòm oswa sentòm yo ap vin pi grav, tankou:

- plis difikilte pou respire
- nouvo konfizyon oswa
- ogmantasyon nan feblès

Si pitit ou a gen sa yo oswa lòt sentòm enkyetan, tanpri rele pedyat yo.

Si ou gen yon ijans medikal epi ou dwe rele 911, tanpri avèti pèsònèl dispatchè a ou gen COVID19. Sa pral pèmèt yo pran bonjan prekosyon pou asire sekirite tout moun.

Pou Manm Fanmi ak Moun ki bay Swen Lakay yo

Si ou nan kontak sere, oswa w ap pran swen yon timoun ki gen COVID-19, tanpri swiv rekòmandasyon sa yo pou tèt ou:

Jere Sentòm yo

1. Kontwole sante ou seryezman. Rele founisè swen sante w imedyatman si w devlope sentòm ki sanble li ka COVID-19 (lafyè, tous, souf kout).
2. Asire w ou konprann epi ou ka ede paysan an swiv enstriksyon founisè swen sante yo pou swen ak bezwen debaz nan kay (al achte episri ak ale dèyè preskripsyon).
3. Siveye sentòm pitit ou a. Si pitit ou a ap vin pi malad, rele pedyat yo epi eksplike ke pasyan an gen COVID-19 konfime pa laboratwa. Si pitit ou a gen yon ijans medikal epi ou dwe rele 911, avèti pèsònèl dispatchè a pitit ou gen COVID-19.

Kenbe Distans

1. Manm kay la ta dwe rete nan yon lòt chanm epi yo dwe separe de pitit ou a otank posib, sèvi avèk yon chanm separe ak twalèt apa si gen disponib.
2. Tanpri, pa pèmèt vizitè yo ki pa gen yon bezwen esansyèl nan kay la.
3. Lòt moun nan kay la (pa pitit ou a) ta dwe pran swen bèt kay nan kay la.
4. Asire ke espas komen nan kay la gen bon sikilasyon lè (tankou è kondisyonè oswa fenèt ki louvri).

Pratike Bonjan Ijyèn

1. Fè ijyèn men souvan. Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn (depreferans) oswa itilize yon dezenfektan men abaz alkòl ki gen 60 a 95% alkòl omwen, ki kouvri tout sifas men ou epi fwote men ou ansanm jiskaske ou santi yo seche.
2. Evite manyen zye ou, nen, ak bouch ou avèk men ki pa lave.
3. Ou menm ak pitit ou a ta dwe mete yon mask nan figi si nou nan menm chanm.
4. Si li posib epi si gen disponib, sèvi ak gan lè ou manyen oswa gen kontak ak lesiv pasyan an oswa san yo, poujou, oswa likid kò. Kenbe atik sal yo lwen kò ou. Si ou itilize gan, retire epi jete gan yo nan yon poubèl ki double ak yon sache plastik. Netwaye men ou imedyatman ak savon ak dlo oswa dezenfektan men abaz alkòl.
5. Jete mask dispozab ak gan apre w fin itilize yo. Pa itilize yo ankò.
6. Mete tout gan dispozab ki sèvi yo, mask figi ak lòt bagay ki kontamine nan yon poubèl ki double anvan ou jete yo ak lòt fatra nan kay la. Netwaye men ou avèk savon ak dlo oswa dezenfektan pou men abaz alkòl apre ou fin manyen bagay sa yo.
7. Evite pataje atik pou kay yo avèk pasyan an tankou asyèt, vè, tas, gode, kouvè, sèvyèt, rad ak dra kabann. Apre pasyan an fin itilize bagay sa yo, yo ta dwe lave byen pwòp.
8. Retire touswit epi lave rad yo oswa atik kabann ki gen san, poujou oswa likid kò yo sou yo.
9. Netwaye tout sifas “anpil moun manyen souvan” yo tankou kontwa, anlè tab, manch pòt, twalèt, telefòn, klavye, tablèt ak tab bò kabann yo chak jou avèk yon espre oswa ti sèvyèt netwayaj pou kay.

Moun nan kay ou yo ka gen pou yo mete yo an karantèn. Y ap detèmine si lòt moun nan kay la dwe mete tèt yo an karantèn baze sou dènye kontak yo te genyen ak pitit ou a avèk tou si pitit ou a te rive kapab izole l san danje. Tanpri, pale ak biwo pedyat ou a oswa ak Konsèy Lasante ki nan zòn ou an pou mande konsèy. Chache Konsèy Lasante nan katye oswa nan vil ou a sou entènèt oubyen rele nan Meri a pou mande yon nimewo telefòn. Si ou travay nan domèn lasante, ou dwe rele Depatman Lasante nan Travay anplwayè w la tou.

Lòt konsèy pou tèt ou ak fanmi ou sou anpeche gaye potansyèl COVID-19 ka jwenn sou sit entènèt CDC a: [cdc.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus)